



# Fich Enfòmasyon sou Egzamen Pratik Klas D ak M

Rejis Veyikil Amotè yo

P.O. Box 55889 • Boston, MA • 02205-5889

***Ekonomize tan, ale sou Mass.Gov/RMV pou pran randevou otomatikman!***

**Vèsyon Veyikil Pasaje ki Prive:** Anviè 2 me 2022. Konsilte fich sa a epi gade videyo sou Mass.Gov/RoadTest anvan ou fè egzamen pratik ou.

## A. Pèman sou entènèt pou frè egzamen pratik / Pèmi kondui ak Kondisyon pou Anilasyon nan 72 èdtan

Frè egzamen pratik ak pèmi kondui klas D ak M ka peye sou entènèt la nan vizite seksyon pou frè yo sou Mass.Gov/RoadTest. Peye sou entènèt epi evite ale nan sant sèvis la.

Prevni omwen 72 èdtan alavans pou yon anilasyon oswa yon nesosite pou repwograme randevou. Si w dwe anile oswa repwograme randevou w la avèk yon preavi nan mwens pase 72 èdtan, w ap oblije peye frè egzamen pratik la pou randevou anile/repwograme a, epitou w ap peye yon frè pou nouvo pwogramasyon egzamen pratik la.

## B. Obligasyon Aplikan yo

Aplikan yo dwe ranpli kondisyon sa yo pou yon egzamen pratik klas D oswa M:

- Rive omwen 15 minit alavans avèk sipòtè w nan lokal RMV a.
- Gen pèmi aprantisaj ki valid avèk ou. Pèmi ofisyèl sou papye ou a dwe lizib, oswa yo pral mande yon kopi pèmi an.
- Mache avèk aplikasyon pou egzamen pratik la ki byen ranpli. Ou ka telechaje li sou Mass.Gov/RoadTest epi enprime li
  - Si w reponn **Wi** pou kesyon 1 oswa 2 nan seksyon Kesyon Obligatwa yo nan aplikasyon pou egzamen pratik la, yon anplwaye otorize RMV dwe apwouve aplikasyon an anvan egzamen pratik la.
  - Si w gen mwens pase 18 an, yon paran, gadyen, gadyen divizyon timoun, oswa direktè lekòl pansyon dwe siyen aplikasyon an. Si moun ki siyen aplikasyon an **SE PA** yon paran, li dwe prezante yon dokiman apwopriye nan moman egzamen pratik la pou pwouve li gen dwa pou l siyen.
- Yon sipòtè dwe akonpaye Aplikan klas D yo:
  - Gen omwen 21 an.
  - Te gen yon pèmi kondui valid Ozetazini, ki soti nan eta oswa teritwa ameriken kote yo soti a, avèk omwen yon ane eksperyans nan kondui. Pèmi kondui fizik la dwe prezante bay egzaminatè a; yon imaj elektwonik pèmi kondui lan pa akseptab. Yon moun ki gen yon pèmi kondui etranje, ki pa ameriken, pa ka sèvi kòm sipòtè.
- Aplikan klas M yo dwe gen omwen 18 an. Si ou poko gen 18 an, ou pa kapab pase yon egzamen pratik RMV Klas M epi ou dwe konplete avèk siksè yon kou bazik sou zafè kondui nan Pwogram Edikatif Massachusetts pou Kondiktè (MREP) pou w ka gen yon pèmi kondui Klas M. Aplikan pou egzamen pratik pou motosiklèt yo **PA bezwen** yon sipòtè.
- Ou dwe konnen tout egzijans ki nan do fich enfòmasyon sa a ak rezon ki fè RMV a ka rejte veyikil ou, rejte aplikasyon w lan, oswa anile egzamen pratik la anvan li kòmanse.
- Sonje se sèlman aplikan an ak sipòtè a ki ka nan veyikil la pandan egzamen an; gen eksepsyon pou entèprèt linguistik ak bèt pou asistans ki antrene. Timoun yo pa ka monte pandan egzamen an.
- Nou ankouraje anpil itilizasyon mas, men sa pa obligatwa, pou tout moun ki nan veyikil la pandan egzamen pratik la.
- Konnen siyal ki nan men yo, ki itilize pou endike montre viraj ak arè. Yo pral mande w pou w montre siyal sekirite sa yo nan kòmansman egzamen ou an.

**(Kontinye li do fich enfòmasyon sa a pou asire w ou kite pakin nan)**

## C. Obligasyon pou Veyikil

Veyikil k ap itilize pou yon egzamen pratik klas D oswa M dwe ranpli kondisyon sa yo epi yo pral enspekte anvan egzamen ou a. Sa gen ladann veyikil ki gen yon dispozitif anti-demaraj, ak veyikil ki gen ekipman ki adapte pou yon egzamen konpetans.

- Nan bon eta pou fonksyone e dwe kapab pase yon kontwòl sekirite.
- Gen yon imatrikilasyon valid ak viyèt enspeksyon valid.
- Genyen akomodasyon chèz adekwat bò kote operatè a pou egzaminatè a itilize epi gen yon chèz dèyè do chofè a pou sipòtè a.
- Dwe fèt pou kite egzaminatè a fè yon arè dijans nan itilize fren brek la. Si se pa sa, veyikil la **P AP KA** itilize pou egzamen pratik la, yo p ap fè w peye pou egzamen an.
  - Nenpòt veyikil ki gen yon konsòl santral ki pa gen yon fren brek kòm yon pati nan konsòl la **P AP KA itilize**.
  - Nenpòt veyikil ki anpeche egzaminatè a gen aksè libreman avèk fren brek la **P AP KA itilize**.

## D. Veyikil ki pa gen imatrikilasyon Eta a

- Pote prèv kouvèti asirans sou fòm yon polis ki espesifye limit kouvèti asirans lan. Kouvèti asirans la **DWE** egal avèk egzijans minimòm nan Massachusetts ki se \$20,000/\$40,000 pou blesi kòporèl ak \$5,000 pou domaj materyèl, pou itilizasyon veyikil sa a nan Massachusetts.

## E. Veyikil lokasyon

- Gen kontra lokasyon an avèk yon pèmasyon alekri sou papye avèk antèt konpayi lokasyon an ak siyati yon reprezantan otorize ak tit ki otorize itilizasyon veyikil la pou egzamen pratik la.

## F. Refi ak anilasyon egzamen pratik

Egzamen pratik yo ka anile akòz move tan, wout oswa lòt kondisyon, tankou:

- Yo te deklare yon eta dijans nan rejyon kote egzamen pratik ou a te pwograme a. Nan ka gen move tan, vizite [Mass.Gov/RMV](https://www.mass.gov/RMV) oswa [Twitter.com/MassRMV](https://twitter.com/MassRMV) pou jwenn mizajou sou sèvis yo anvan ou ale sou lye egzamen an.

Egzaminatè egzamen pratik la ka rejte oswa anile egzamen an pou rezon sekirite oswa nan ka kote egzaminatè egzamen pratik la:

- Idantifye aplikan an ak/oswa sipòtè ap montre siy feblès akòz alkòl oswa yon sibstans
- Pran sant kanabis oswa alkòl k ap degaje nan aplikan an ak/oswa sipòtè a; sa enkli nan rad yo oswa andedan veyikil yo itilize pou egzamen an.
- Obsève timoun minè, ki gen ladan ti bebe ki chita nan veyikil la, oswa bèt, ki pa bèt pou asistans ki antrene jan sa defini nan Lwa Ameriken sou Andikap yo (ADA) Tit II, prezan epi yo pa kapab rete san sipèvizyon nan Sant Sèvis la pandan egzamen pratik la.

**Ou responsab pou frè egzamen pratik pou chak echèk, rejè, anilasyon ki mwens pase 72 èdtan, oswa absans. Repwogramasyon an se responsablite aplikan an.**

## G. Atant pou Konpòtman Etik ak Pwofesyonèl

Lalwa Massachusetts entèdi aksyon oswa tantativ aplikan an, sipòtè li, oto-ekòl la, oswa nenpòt lòt moun ki asosye avèk aplikan an pou enfluyans rezilta yon egzamen nan ofri lajan, kado, oswa lòt bagay anba tab.

Menas, vyolans fizik ak vyolans vèbal sou Egzaminatè egzamen pratik la pa tout pati ki enplike nan egzamen pratik la p ap tolere epi RMV a ka retade kapasite aplikan an pou pwograme yon lòt egzamen.

**Rejis la rezève dwa pou anile ak rekipere tout pèmi kondui si pita yo detèmine ke moun ki gen pèmi kondui an pa t satisfè kondisyon minimòm legal yo pou egzamen pratik la.**